



Pou Piblikasyon Imedya: 10/8/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

VIS PREZIDAN GORE TE REJWENN GOUVÈNÈ CUOMO, POU ANONSE NOUVO AKSYON POU REDWI EMISYON GAZ GREENHOUSE EPI ALATÈT PEYI A SOU CHANJMAN KLIMA

Siyen “Anba inisyativ 2 MOU” Reyafime Angajaman pou redwi emisyon gaz Greenhouse a 40% nan 2030 ak 80% nan 2050

Mande Ajans yo nan Eta pou travay avèk California ansanm avèk lòt jiridiksyon yo pou devlope yon laj mache kabòn nan Amerik di Nò

Angaje pou pote enèji solè nan 150,000 kay ak biznis epi enstale enèji renouvlab pwòp nan chak kanpis SUNY nan 2020

Vis Prezidan Gore te rejwenn Gouvènè Andrew M. Cuomo, jodia pou anonse kat gwo aksyon pou konbat chanjman klima epi redwi emisyon gaz greenhouse nan Eta New York. Inisyativ alavangad sa yo nan peyi a sou anviwonman ak enèji pwòp ap ede kay, biznis New York yo envesti nan enèji pwòp, kondwi kwasans ekonomik nan eta, ak pwoteje anviwonman an.

“Chanjman klima se yon kesyon dirabilite sosyete a— e si ou nye ke chanjman klima se yon bagay reyèl se menm jan wap nye rezon,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Jodia, New York ap kanpe. Nap demontre lidèchip ak atansyon ke kesyon sa mande. Nap rejwenn ansanm epi angaje tèt nou pou takle chanjman epi montre peyi a sa ki posib. Kounye a se pou dirijan yo nan mond lan fè menm bagay la.”

Ansyen Vis Prezidan Al Gore, yon sineyas akademi Prim-gayan, yon anviwonmantalis dedye ak gayan pri Nobèl, pou plizyè deseni te yon defansè nan efò pou konbat chanjman klima te rejwenn Gouvènè Cuomo pou anonse nouvo aksyon sa yo.

“Lidèchip Gouvènè Cuomo te montre a ak Eta New York pou pran gwo angajman pou redwi emisyon gaz enpòtan pou rezoud kriz sou klima,” **te deklare Ansyen Vis Prezidan Al Gore.** “Nan lavèy negosyasyon sou klima nan Paris, efò New York pou redwi emisyon gaz epi rejwenn lòt kote tankou California, Quebec, ak Ontario pou akselere yon ekonomi enèji pwòp voye yon gwo siyal bay lidè yo nan mond lan; gouvènman lokal, rejyonal ak eta ap pran aksyon sou klima kounye a.”

Daprè 2 MOU

Gouvènè Cuomo jodia te siyen [2 MOU](#) (Memorandòm Konpreyansyon), yon akò ant eta, pwovens ak vil yo nan tout mond lan pou afime angajman yo pou ede kenbe tanperati mwayèn tè a pou l pa ogmante 2 degre sèlsiyis (oswa 3.6 degre Fahrenheit) nan 2100, jan li mezire kont nivo pre-endistriyèl yo. Panèl entè-gouvènmantal UN sou Chanjman Klima te detèmine ke yo dwe kenbe avètisman global anba 2 degre Sèlsiyis nan 2100 pou evite pifo enpak katastwofik sou chajman klima, tankou elevasyon nivo lanmè a ki ta inonde peyi ak litoral ak bòdmè yo nan mond lan, kreye kondisyon pèmanan tanperati ekstrèm pwolonje, koze gwo sechrès, epi kondwi a rate manje.

New York te deja angaje pou redwi emisyon gaz greenhouse ki te prevwa nan pwotokòl Antant 2 MOU. Nan kòmansman ane sa a, nan kad Plan Enèji 2015 Eta, New York te etabli sib ki pi agresiv nan peyi a pou redwi emisyon a 40 pousan nan 2030 ak 80 pousan anba nivo 1990 nan 2050 (80 pa 50). Pou reyalize rediksyon sa yo, New York te lanse youn nan pwogram ki pi konplè ak transfòmasyon enèji pwòp nan peyi a grasa Refòme Vizyon Enèji. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou MOU, vizite:

<http://under2mou.org/>

Kòm lidè mondyal yo ap rasanble nan Paris nan desanm kap vini an pou negosyasyon klima Nasyonzini, New York ap pwouve ke redwi emisyon kapab fèt e li dwe fèt. Lidè mondyal yo dwe swiv epi angaje pou fè menm rediksyon emisyon yo.

Mache Kabòn Amerik di Nò

New York ansanm avèk lòt eta rejyonal echanj gaz greenhouse yo te demontre ke mache kabòn lan se yon zouti pwisan pou redwi polisyon kap kontribye nan chanjman klima. Toutfwa, nan fason pou ogmante enpak strateji ki pwouve, Eta New York ap angaje patnè li yo nan inisyativ Rejyonal Gaz Greenhouse (RGGI) ansanm avèk California, Quebec ak Ontario pou eksplòre posibilite pou relye mache kabòn ki gen siksè. Konekte mache sa yo ta pi rantab ak stab, kidonk sipòte enèji pwòp ak kondwi rediksyon emisyon kabòn entènasyonal. Eta New York ap angaje tou lòt eta ak pwovens yo pou devlope yon gwo mache kabòn ak plis kondwi yon diskisyon entènasyonal ki ankouraje aksyon gouvènman sou emisyon kabòn.

Enèji Solè pou 150,000 Kay ak Biznis nan 2020

Nan 2013 Gouvènè Cuomo te angaje \$1 milya nan endistri solè New York grasa inisyativ NY SUN. Depi lè, sa Eta te angaje \$270 milyon ak sipòte deplwaman enèji solè nan 30,000 kay ak biznis.

Bati sou pwogrè sa a, Gouvènè a te anonse yon angajman pou pote enèji solè nan 150,000 lòt kay ak biznis nan 2020. Pou premye fwa pandan toutan, pwojè komèsyal yo ap anmezi pou pataje elektrisite yo jenere sou pwopriyete yo avèk manm kominote avwazinan yo grasa pwogram renouvlab pataje Gouvènè a.

Enèji renouvlab nan chak kanpis SUNY nan 2020

Gouvènè a te anonse tou ke Inivèsite Eta New York (SUNY), premye sistèm inivèsite piblik eta, ap enstale enèji renouvlab, enkli enèji solè ansanm avèk lòt teknoloji yo, nan chak nan 64 kanpis li yo nan 2020. Angajman sa a bati pou objektif SUNY ki egziste deja pou amelyore pèfòmans enèji efikas li pa 20 pousan epi redwi emisyon gaz greenhouse li pa 30 pousan nan 2020.

Gouvènè a te fè apèl avèk kolèj prive ak inivèsite yo pou rejwenn SUNY nan angajman yo. Pou sipòte lekòl prive ak piblik pou investi nan enèji solè, New York Power Authority ap bay nouvo zouti ak resous pou evalye, jere, ak fè kontra lokasyon solè avèk patnè yo nan sektè prive a.

Anplis, Eta New York ap investi nan enèji pwòp, renouvlab nan tout bilding ak etablisamn piblik li yo, elaji sou objektif anbisye enèji efikas li.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans pou Eta New York, te deklare “New York yon fwa ankò ap sèvi kòm yon modèl wòl nasyonal, chanje lide anbisye annaksyon kòm Gouvènè Cuomo pran direksyon pou dirije efò pou adrese chanjman klima. Daprè angajman sa yo ki te fèt jodia nan kad Plan refòme vizyon enèji Gouvènè a, New York sou yon chemen fèm pou reyalize objektif enèji pwòp ak anviwonman nan bati yon sistèm enèji a bon mache, rezistan ak pwòp.”

Basil Seggos, Sekretè adjwen pou Anviwonman ak Komisyonè pa Entèrim kap antre pou Depatman Konsèvasyon Anviwonman, te deklare: “Gouvènè Cuomo te devlope youn nan pwogram enèji pwòp ak klima rezistan ki pi konplè nan peyi a. Anons jodia te demontre avèk fòs kalite lidèchip ki nesèsè nan pèspektiv negosyasyon Nasyonazini sou klima nan mwa desanm.”

Vizyon Refòme Enèji Gouvènè Cuomo a (REV) fèt pou bati yon sistèm enèji ki pi rezistan, pi pwòp, pi bon mache pou tout Nouyòkè yo grasa yon konbinezon nouvo règleman enèji, inisyativ nan tout eta ak refòm règlemantè. Sa a pwoteje anviwonman an epi sipòte objektif Eta pou redwi emisyon gaz greenhouse pa 40 pousan pandan lap jenere 50 pousan nan elektrisite l apati sous enèji renouvlab yo nan 2030. Inisyativ reyisi ki te deja lanse nan kad REV enkli NY-Sun, NY Green Bank, NY Prize, K-Solar ak yon angajman pou amelyore enèji a bon mache pou kominote yo ki gen revni fèb.

Anons sa ap devlope sou Semèn Klima Eta (22-29 septanm) inisyativ ki gen ladan bay [\\$175 milyon](#) pou senk gwo pwojè enèji pwòp a gran echèl pou ogmante jenerasyon elektrisite apati sous enèji renouvlab, yon pwojè [\\$35 milyon](#) pou fè bòdmè Roberto Clemente State Park’s Harlem River vin pi vè ak pi rezistan a tanpèt, ak yon konpetisyon [\\$3 milyon](#) enèji pwòp pou kolèj ak inivèsite yo nan Eta New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418